



Pou Piblikasyon Imedya: 08/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 7 MILYON DOLA POU SIPÒTE MEDIKAMAN POU TRETMAN ADIKSYON

***15 founisè pral resevwa finansman pou etabli pwogram ki fèt pou fasilite aksè
nan menm jou a ak biprenòfin ak jesyon swen pou adiksyon***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a plis pase 7 milyon dola pou 15 founisè atravè Eta New York pou sipòte medikaman pou tretman adiksyon lè yo tabli sèvis biprenòfin konplè, ak limit ki ba. Pwogram sa yo fèt pou satisfè bezwen kontinyèl pou medikaman ak lòt sèvis adiksyon lè yo bay enskripsyon imedyat nan menm jou a pou tretman ak jesyon swen biprenòfin Yo ap distribye finansman sa a atravè Fon Règleman Opioid (Opioid Settlement Fund) Eta New York la.

"Amelyore aksè ak resous ki sove lavi ak sipòte tankou medikaman se yon pati enpòtan nan ede Nouyòkè ki afekte pa adiksyon ak abòde kriz sa a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Atravè finansman sa a pou pwogram tretman adiksyon ak founisè yo atravè New York, administrasyon mwen an rete angaje pou satisfè bezwen kontinyèl pou sèvis tretman pou ede sove lavi ak sipòte kominote yo pandan y ap konbat epidemi opyoyid la."

Yon apwòch konplè pou konbat adiksyon ak sipòte moun ki afekte nan epidemi opyoid la nesèsè. Rechèch montre ke biprenòfin se yon fason ki san danje epi efikas pou trete maladi ki lye ak itilizasyon opyoyid, sepandan anpil founisè yo gen kondisyon rijid pou antre ak kontinye tretman an. Sa ka limite kantite moun ki resevwa medikaman sa a. Pwogram konplè nan yon sèy ki ba fèt pou ede rezoud pwoblèm sa a lè yo pèmèt nan menm jou a, tretman biprenòfin imedya ak sèvis jesyon swen yo.

Benefisyè prim yo nan lis pi ba a epi yo enkli founisè ki sètifye swa pa OASAS, swa pa Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) oswa pa Depatman Sante (Department of Health DOH) a. Chak founisè ap resevwa yon prim jiska 500,000 dola.

Capital Region

- Hope House

NY Santral

- Family Counseling Services nan Konte Cortland

Finger Lakes

- FLACRA
- Helio Health

Long Island

- Family and Children's Association

Mid-Hudson

- Sant Medikal Westchester (Westchester Medical Center)

Vil New York

- Harlem United Community AIDS Center
- Housing Works Health Services III
- Center for Comprehensive Health Practice
- St. Ann's Corner of Harm Reduction, Inc.

North Country

- Credo Community Center
- Canton Potsdam Hospital

Southern Tier

- United Health Services Hospital

Western NY

- EHS Evergreen Health, Inc.
- BestSelf Behavioral Health Incorporated

Komisè Biwo Sèvis pou Adiksyon ak Sipò a, Chinazo Cunningham, te deklare, "Li enpòtan pou nou eksplòre tout avni posib pou moun yo resevwa sèvis pou adiksyon, enkli medikaman tankou biprenòfin. Nouvo pwogram sa yo pral pèmèt moun ki nan bezwen yo konekte imedyatman ak sèvis yo epi yo pral sipòte sante jeneral pa yo."

Komisè pa Enterim Depatman Sante Eta a, Doktè James McDonald, te deklare, "Maladi ki lye ak itilizasyon opyoyid se yon maladi konplèks, men ki ka trete epi biprenòfin se yon tretman ki trè efikas. Envestisman enpòtan sa a ede diminye baryè yo epi ede plis pasyan antre nan tretman epi jwenn rekiperasyon yo. Biprenòfin sove anpil lavi, epi Depatman an kontinye sipòte mezi pou ogmante aksè ak elimine baryè pri ki

genyen nan sèvis enpòtan ak nan medikaman ki trete maladi ki lye ak itilizasyon opyoid la. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou konpasyon ak angajman kontinyèl li pou moun k ap lite ak maladi sa a."

Komisè Biwo Sante Mantal la, Doktè Ann Sullivan, te deklare, "Biprenòfin san danje epi li efikas epi li ede moun retabli anba trajedi adiksyon opyoid la. Elaji aksè a biprenòfin ak lòt sèvis adiksyon pral sove anpil lavi epi ede anpil moun ak fanmi k ap konbat adiksyon. Sa a se yon eleman enpòtan nan kad efò nou pou konbat adiksyon ak lanmò nan ki lye ak dòz eksefif."

Eta New York ap resevwa plis pase 2 milya dola atravè divès kalite akò règleman avèk fabrikasyon opyoyid yo ak konpayi famasetik yo ke Pwokirè Jeneral Letitia James te garanti. Yon pati finansman ki soti nan règleman sa yo prale dirèkteman nan minisipalite yo, epi y ap depoze rès la nan yon fon dedye pou sipòte prevansyon, tretman, rediksyon domaj, ak efò rekiperasyon pou adrese epidemi opyoyid aktyèl la.

Menm lejislasyon an ki te etabli fon dedye a te kreye tou Komite Konsiltatif Fon Règleman Opyoyid la, ki gen responsablite pou l fè rekòmandasyon sou fason yo ta dwe asiyen lajan règleman an pou pi byen sèvi moun ki nan bezwen yo. Manm konsèy yo te bay premye rekòmandasyon yo nan 1 novanm 2022, yo te idantifye ekspansyon sèvis rediksyon ak tretman domaj kòm pi gwo priyorite yo.

Eta New York te mete sou pye yon apwòch agresif, ki gen plizyè branch pou rezoud epidemi dòz eksefif la, epi li te kreye yon seri swen nasyonal pou adiksyon ak sèvis konplè prevansyon, tretman, retablisman ak rediksyon domaj. Eta a te travay pou agrandi aksè nan sèvis tradisyonèl yo, ki genyen ladan yo pwogram sèvis kriz, pasyan ki entène, pasyan ekstèn, ak pwogram tretman rezidansyèl, ansanm ak medikaman pou tretman adiksyon, epi tretman mobil ak sèvis transpò.

Gouvènè Hochul te yon manm Gwoup Travay sou Ewoyin ak Opyoyid nan Eta New York (NYS Heroin and Opioid Task Force) la ki, an 2016, te rekòmande nouvo sèvis ki pa tradisyonèl, ki genyen ladan yo sant retablisman yo, klèb lojman pou jèn yo, agrandi sèvis konpayon yo, ak sant aksè lib yo, k ap bay evalyasyon ak referans pou swen imedya. Depi lè sa, yo te etabli sèvis sa yo nan divès kominote ozalantou Eta a, epi yo te ede moun ki nan bezwen yo jwenn aksè nan swen ki pi pre kote y ap viv la.

Biwo Sèvis ak Sipò kont Adiksyon Eta New York la sipèvize youn nan pi gwo sistèm swen pou twoub itilizasyon sibstans nan peyi a avèk anviwon 1,700 pwogram prevansyon, tretman, ak rekiperasyon k ap sèvi plis pase 731,000 moun chak ane. Sa gen ladan l operasyon dirèk 12 Sant Tretman kont Adiksyon kote doktè, enfimiyè ak anplwaye klinik nou yo bay anviwon 8,000 moun pa ane sèvis pou pasyan ki entène ak sèvis rezidansyèl.

Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa yon pwòch ki gen difikilte, ka jwenn èd ak lespwa lè yo rele liy telefòn gratis Eta a, HOPEline 24 èdtan, 7 jou pa semèn nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) oswa lè ou voye tèks HOPENY (Kòd Kout

467369).

Tretman pou adiksyon ki disponib yo gen ladan swen pou kriz/dezentoksikasyon, swen malad ki entène yo, swen rezidansyèl, oswa swen pou pasyan ekstèn, lè ou itilize Tablodò Disponibilite Tretman OASAS NYS la nan [FindAddictionTreatment.ny.gov](https://www.findaddictiontreatment.ny.gov) oswa atravè [sitwèb OASAS NYS la](https://www.oasas.ny.gov).

Si oumenm, oswa yon pwòch ou, te eksperimente obstak nan asirans ki gen rapò ak tretman oswa bezwen pou ede depoze yon apèl pou yon reklamasyon yo te refize, kontakte liy èd CHAMP an pa telefòn nan 888-614-5400 oswa pa imèl nan ombuds@oasas.ny.gov.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418